

SS.7.C.3.8

Analize strikti, fonksyon, ak pwosès branch lejislatif, ekzekitif ak jidisyè yo.

Epitou Evalye

SS.7.C.3.9 - Ilistre pwosès moun kap fè lwa yo pwosès lokal la, eta, ak nivo federal yo.

SS.7.C.3.8 Klarifikasyon sou Nasyon Fondamantal 4: Elèv yo pral ka konpare e fè diferans nan pwosès jan lwa yo fèt nan nivo lokal, eta, ak federal yo.

Fè lalwa nan Nivo Lokal

Se travay gouvènman lokal yo pou fè kominote yo pi bon plas pou viv. Pou fè travay sa a, moun kap fè lwa nan lokal yo gen pouvwa pou bay òdonans (*lòd*) yo. **Odonans yo** se lwa kap gouvènen yon kominote lokal. Odonans yo pa dwe nan konfli ak lwa eta yo, sa yo rele **estati yo**, oubyen lwa federal yo, ke yo rele **ak yo**. Gwoup ranfòsman lwa lokal yo (tankou fòs lapolis oswa chèf departman) yo gen responsabite pou ranfòse tou lè de, ni òdonans yo ak estati yo.

Pwosès pou fè lalwa nan nivo Eta a

Yon ide pou yon lwa ka soti nan **lejislètè eta yo, gouvènè a**, oswa menm **sitwayen yo**. Pwosès pou yon pwojè lwa vîn yon lwa kapab difisil menm jan ak nan nivo federal.

Yon ide pou yon lwa ke yo pwopoze nan eta lejislatif ke yo rele yon pwojè lwa. Yo kapab pwopoze pwojè lwa yo nan ni **Chanm Reprantatif Florida** yo oubyen **Sena Florid** la. Chanm Florida oubyen **komite** Sena a ke yo bay devwa pou fè rechèch sou pwojè lwa a. Genyen plizyè komite diferan ki gen pou jere yon seri de pwoblèm espesifik. Chak lejislètè eta a sèvi nan yon komite ou plis.

Après komite a fin konplete rechèch li a epi diskite pwojè lwa a, komite a deside si pwojè lwa ta sipoze avanse. Si komite a vanse pou pi devan ak pwojè lwa a, pwojè lwa a rantre nèt nan lejislati a kote yo te premye entwodwi pwojè lwa a (Chanm Florid la oubyen Sena a). Manm chanm sa a fè deba e vote yo. Si chanm nan vote pou pwojè (kòm ekzanp, Chanm Reprantatif Florid la), alò li avanse nan lòt chanm lejislatif la (kòm ekzanp, Sena Florid la) pou plis deba ak diskisyon. Finalman, lòt chanm lejislatif la pral vote sou pwojè lwa a. Si manm chanm sa yo vote pou pwojè lwa a, yo pral mande gouvènè a pou siyen pwojè lwa a an lwa.

Si pwosès kijan yon pwojè lwa ka vîn yon lwa Florida se yon bagay nou abitye tande, se paske li preske sanble ak fason yo fè yon pwojè lwa vîn lwa nan nivo federal la. Lejislati eta a gen yon plizyè komite ki varye menm jan Kongrè a fèl la. Epi tou menm jan ak Kongrè a, komite lejislati eta a etidye pwojè lwa yo, met jijman yo sou atant, ak revise pwojè lwa yo si se nesèsè. Finalman, preske menm jan ak gouvènman federal la, tou le de chanm lejislatif yo (Chanm Reprantatif Florida ak Sena) dwe apwouve yon pwojè lwa, ep gouvènè a dwe siyen li avan li vîn yon lwa.

Pwosès pou fè lwa nan Nivo Federal

Nan nivo federal la, yon ide pou vîn yon lwa ka soti nan **Reprantatif Etazini yo, Senatè yo, Prezidan an**, oubyen menm sitwayen òdinè yo.

Yo rele yon ide pou yon lwa yon **pwojè lwa**. Pwojè lwa yo ka pwopoze nan ni lachanm (chanm) **Kongrè (Lachanm Reprantatif Etazini yo an oubyen Sena Etazini an)**. Depann de ki chanm kongrè a ki pwopoze pwojè lwa a, yo pral voyel bay komite ki apwopriye a ki jere dosye pwojè lwa a. komite sa a pwal fè rechèch sou pwojè lwa a. Genyen plizyè komite nan Kongrè, e chak manm Kongrè a sèvi nan youn oswa plizyè komite.

Après komite a fin konplete rechèch li a epi diskite pwojè lwa a, komite a deside si pwojè lwa ta sipoze avanse. Si komite vanse pou pi devan ak pwojè lwa a, pwojè lwa a rantre nèt nan lejislati a kote yo te premye entwodwi pwojè lwa a (Chanm Florid la oubyen Sena a). Manm chanm sa a fè deba e vote yo. Si chanm nan vote pou pwojè (kòm ekzanp, Chanm Repezantatif Florid la), alò li avanse nan lòt chanm lejislatif la (kòm ekzanp, Sena Florid la) pou plis deba ak diskisyon. Finalman, lòt chanm lejislatif la pral vote sou pwojè lwa a. Si manm chanm sa yo vote pou pwojè lwa a, yo pral mande gouvènè a pou siyen pwojè lwa a an lwa.

Si gen plis pase di jou rete nan sesyon kongrè a ap fè a, Prezidan an ka pran youn nan twa aksyon yo: 1) Prezidan ka chwazi pou siyen pwojè lwa a an yon lwa, 2) prezidan ka chwazi pou **veto** (rejte) pwojè lwa a, oubyen 3) prezidan ka chwazi pou pran osinon pa pran pyès aksyon sou pwojè lwa a. Yon pwojè lwa vîn yon lwa is prezidan pa pran aksyon sou pwojè lwa a epi gen omwen 10 jou ki rete nan sesyon kongrè a ap fè a. Lè prezidan pa pran pyès aksyon ak mwens pase 10 jou ki rete nan sesyon kongrè ap fè a, yo rele sa yon veto pòch.

ak - lejislasyon ki tou de chanm Kongrè yo te pase, ki te siyen kòm lwa anba men prezidab an oubyen pase malgre li te veto (rejte), epi pou li vin tounen yon lwa

Chanm Repezantatif Etazini - chanm ki pi ba nan Kongrè Etazini an

Chanm Sena Etazini - chanm ki pi wo nan Kongrè Etazini an

estati - yon lwa ki te pase nan nivo eta a

gouvènè - antèt gouvènman yon eta

komite - yon gwoup manm nan Lachanm oubyen Sena a (oswa tou de) kap diskite epi fè deba sou pwojè lwa yo pwopoze yo; yo ka petèt diskite tou pwoblèm enterè pou peyi a.

Kongrè - kò lejislativ nasyonal Etazini an, li gen ladan Sena a, Chanm wo a, ak Chanm Repezantatif yo, oubyen chanm ba a

lejislatè eta - yon manm Chanm Repezantatif Florid la (repezantatif eta) oubyen Sena Florid la (senatè eta)

òdinans - yon lwa vil la ak rejyon te pase ki afekte zaf□ lokal yo tankou trafik, bri, ak kontwòl zannimo

prezidan - antèt branch ekzekitif la

Pwojè lwa - yon pwopozisyon pou yon lwa

Repezantatif Chanm Florid - chanm ki pi ba nan lejislati Florid la

Repezantatif Etazini - yon manm Chanm Repezantatif yo, repezantatif yo te eli nan distri yo nan mitan chak eta yo

Sena Florid - chanm ki pi wo nan lejislati Florid la

Senatè Etazini - yon manm Sena Etazini a tee li pou repezante tout eta a nèt, gen de senate pou chak eta.

sitwayen – yon manm legal yon eta epi/oubyen yon peyi

veto - yon otorite ekzekitif tankou yon prezidan oubyen gouvènman pou pran desizyon pou rejte oswa pwopoze yon lwa oubyen yon estati